



Commonwealth of Massachusetts

Biwo Egzekitif Enèji a Afè Anviwònman

**Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts
M.G.L. c. 30A Pwopozisyon Règlemantasyon**

Kòmantè piblik yo dwe fèt rive 10 novanm 2025



SA KI NAN DOKIMAN SA A

I. Revizyon MEPA (Apèsi)

II. Pwopozisyon Règlemantasyon M. G. L. c. 30A

➤ Senplifikasyon Plan Lojman + Restorasyon Ekolojik + Renovasyon Vil yo

III. Kalandriye ki Prevwa

IV. Fason pou Patisipe



Revizyon MEPA

Apèsi



APÈSI SOU MEPA

➤ **Estatu MEPA (M.G.L. c. 30, s. 61 et seq.): Règ Debaz**

- Yon revizyon MEPA nesesè si Ajans lan entèveni **epi** "limit revizyon yo" (ki defini nan règlemantasyon an) depase.

➤ **Règleman MEPA yo (301 CMR 11.00)**

- Limit revizyon yo defini enpak pwojè ki ka "**lakòz Domaj nan Anviwònman an**"
 - Limit ENF yo egzije depo yo fòmilè notifikasyon anviwònmantal ("ENF")
 - Limit obligatwa EIR yo egzije depo yo rapò enpak anviwònmantal ("EIR")




EIR selon kote a (M.G.L. c. 30, § 62B)

- EIR obligatwa pou pwojè ki "gen chans pou lakòz domaj nan anviwònman an" epi ki sitiye a mwens pase 1 kilomèt de yon popilasyon "EJ" (5 kilomèt si pwojè a gen enpak sou kalite lè a)
- EIR dwe analize konsekans chaj anviwònmantal enjis ak inekitab ki egziste yo ak konsekans tout pwojè oswa operasyon oparavan oswa kounye a sou sante piblik, ansanm ak posiblite pou gen "efè negatif dispwopòsyone" sou popilasyon EJ a
- Ajoute pa Lwa sou Plan pou Klima a (St. 2021, Section 58)
 - Nouvo egzijans yo te vin **efektif 1ye Janvye 2022**, avèk règlemantasyon modifiye yo ak pwotokòl EJ yo. Egzijans sansibilizasyon "EJ" yo gen ladan yon preavi 45 jou pou antite deziyen yo.



Pwojè Lojman/ pou Itilizasyon Miks Depi 2022

Egzijans ENF/EIR pou Depo



80* pwojè lojman / itilizasyon miks te depoze ant janvye 2022 ak jen 2025


32 pwojè pa t depase limit obligatwa "EIR" yo, men yo te bezwen "EIR" akòz kote a

*Nan kontaj sa a pa gen nouvo pwojè ki te depoze epi yo te retire annapre yo.

Pwojè Restorasyon Ekolojik Depi 2022

Egzijans ENF/EIR pou Depo

Pwojè Restorasyon Ekolojik ki te Depoze ant 1ye janvye 2022 ak 30 jen 2025



7 pwojè sou 31 pa t depase limit obligatwa EIR yo, men yo te bezwen EIR akòz kote a

Remak: 19 lòt pwojè ki pwopoze kòm restorasyon ekolojik **konplè** (san limit) dapre règleman sou zòn marekaj yo te kalifye pou senplifikasyon ki te efektif 6 janvye 2023, epi yo pa t depoze yon ENF.



Règlementasyon MEPA yo

Chanjman ki Pwopoze yo



Pwopozisyon Reglemantè pou Lojman

Idantifye karakteristik pwojè lojman ki pa sipoze gen chans pou lakòz domaj nan anviwònman an.

- **Kritè kalifikasyon pwojè lojman yo baze sou prensip fondamantal yo:**
 - Santre sou lojman
 - Dans
 - Reafektasyon
 - Diminisyon danje inondasyon
 - Pa konsome anpil enèji
 - Byen desèvi pa sèvis piblik yo
 - Aksesib
- **Pwojè lojman ki satisfè tout kritè yo pa pral bezwen yon EIR.**
- **Pwojè lojman ki pa depase okenn limit obligatwa EIR epi ki satisfè kritè chwa yo p ap bezwen yon EIR.**
- **Kay yon sèl fanmi ki pwopoze 1 inite lojman yo egzante si sèl deklanchman MEPA a se yon apèl pou zòn marekaj nan MassDEP (Òdonans Ranplasman Kondisyon).**
- **Egzijans nan zafè sansibilizasyon sou jistis anviwònmantal (EJ) ak preavi 45 jou a pral rete pou tout pwojè nan zòn jeyografik deziyen katye EJ yo.**



Pwopozisyon Reglemantè pou Pwojè Restorasyon yo

Pwojè restorasyon ekolojik limite yo benefik pou anviwònman an epi yo pa sipoze gen chans pou lakòz domaj nan anviwònman an.

- Dwe kalifye kòm yon pwojè restorasyon ekolojik limite dapre règleman zòn marekaj yo nan "310 CMR 10.00" epi yo pa ka depase limit obligatwa EIR la. Restorasyon ekolojik konplè a deja senplifye dapre règleman MEPA yo.
- Pwojè ki kalifye yo pa pral oblije depoze yon EIR.
- Egzijans yo nan zafè sansibilizasyon EJ, tankou preavi 45 jou a, pral rete pou tout pwojè nan zòn jeyografik deziyen katye EJ yo.
- Klarifikasyon teknik nan definisyon "pwojè ranplasman" pral egzante pwojè yo, toutotan pèmi yo pa nesesè pou nouvo enpak yo.
- Yo prevwa afekte ~23% nouvo do restorasyon ekolojik sou baz done 2022-25 yo, menm si plis pwojè ka chèche senplifye alavni.

Pwopozisyon Reglemantè pou Règlemantasyon ak Planifikasyon



Plan renovasyon vil yo ki pa gen okenn travay imedya, pwojè, oswa aktivite ki pwopoze yo pa sipoze gen anpil chans pou lakòz domaj nan anviwònman an.

- Kreye nouvo kategori limit nan 301 CMR 11.03, konsolide limit ki egziste yo ki gen rapò ak règleman ajans yo ak plan renovasyon vil yo.
- Etandone yo pa pwopoze okenn travay imedya, limit sa yo pa sipoze gen anpil chans oswa rezonableman gen chans pou yo lakòz domaj nan anviwònman an.
- Règleman ak plan ki kalifye yo pa pral oblije depoze yon EIR.
- **Pwosedir Revizyon Espesyal Separe ("SRP") ki pwopoze dapre 301 CMR 11.09 pibliye pou kòmantè piblik kòm yon altènativ a amannman reglemantè a.**
 - Chèche kòmantè pou konnen yo prefere apwòch reglemantè oswa SRP a.
 - Kòmantè sou bouyon SRP ka soumèt bay MEPA-regs@mass.gov oswa atravè [Environmental Monitor](#).



Kalandriye ki Prewwa

Dat	Evènman
12 septanm 2025	Pwojè règlemantasyon ki pibliye nan Rejis Massachusetts la
14-15, 22 Oktòb 2025	Odyans piblik avèk fen peryòd kòmantè nan dat 10 novanm 2025
Novanm 2025	Prepare pakè reglemantè final M.G.L. c. 30A
~ Desanm 2025	Dat règlemantasyon amande a ap efektif



FASON POU PATISIPE

- ❑ Ale nan odyans piblik 14-15, 22 oktòb yo epi soumèt kòmantè anvan 10 novanm 2025 nan MEPA-regs@mass.gov.
 - 14 Oktòb 2025, 2-4pm (enskri nan lyen ki anba a):
[Lyen Enskripsyon Zoom \(10/14 2-4pm\)](#)
 - 15 Oktòb 2025, 2-4pm (enskri nan lyen ki anba a):
[Lyen Enskripsyon Zoom \(10/15 2-4pm\)](#)
 - 15 Oktòb 2025, 6:30-8:00pm (enskri nan lyen ki anba a):
[Lyen Enskripsyon Zoom \(10/15 6:30-8pm\)](#)
 - 22 Oktòb 2025, 2-4pm (enskri nan lyen ki anba a):
[Lyen Enskripsyon Zoom \(10/22 2-4pm\)](#)
- ❑ Voye yon imèl vid nan subscribe-mepa_reg_review@listserv.state.ma.us pou toujou resevwa alèt.
- ❑ Yo pral afiche mizajou yo ak materyèl pwopozisyon yo sou [Estatik MEPA ak paj entènèt Règlemantasyon an](#).